

# RANKONT ak LAPOLIS

*Oryantasyon seksyèl oswa oryantasyon yo konsevwa, idantite sèks oswa ekspresyon sèks ak ras se pa rezon lejitim pou yon ofisye lapolis kanpe w, fouye oswa chèche zafè ou.*

## OFISYE LAPOLIS YO PÈMÈT:

- Pou yo kanpe (tanporèman kenbe) ou lè yo gen **sispisyon k rezonab** ke w ap komèt, ou te komèt oswa ou pral fè yon krim.
- Pou fouye ou (tape sou rad ou) lè yo gen yon **sispisyon k rezonab** ke ou gen yon zam.
- Pou fouye w lè yo gen yon **rezon pwobab** pou kwè ou te komèt yon krim.

*Ofisye lapolis yo oblige bay non yo ak nimewo badj yo lè yo mande yo; yo pa gen dwa sèvi ak fòs depase limit oswa ki pa nesesè, pou yo derespekte oswa sèvi ak ensilt omofobik oswa transfobik oswa lòt langaj ofansif..*



SI OU PANSE OU TE FÈ EKSPERYANS  
OSWA TEMWEN MOVE KONDUIT  
LAPOLIS

*Depoze yon plent nan  
NYC Civilian Complaint Review Board (CCRB).*

**Rele CCRB: 1-800-341-2272 oswa 311; oswa  
depoze yon plent sou entènèt: [www.nyc.gov/ccrb](http://www.nyc.gov/ccrb)**

*CCRB a se yon ajans endepandan epi li pa fè pati depatman polis la. Anplwaye sivil yo mennen envestigasyon sou plent yo san patipri. Si konsèy la konstate ke move konduit te fèt, avoka CCRB yo ap pouswiv ofisye yo ki fè fas ak chaj administratif, disiplin ki pi sevè. CCRB ofri moun yo chans pou yo rezoud yon plent atravè medyasyon*